


BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

2.1 Désain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalayan métode déskriptif. Pamarekan kualitatif digunakeun pikeun nganalisis data nu teu bisa diukur atawa diitung ku angka. Moleong (2015, kc. 6) nétélakeun yén pamarekan kualitatif boga maksud pikeun maham fénoména ngeunaan naon nu kaalaman ku subjék panalungtikan ku cara ngadéskripsikeun wangun kekecapan jeung basa dina kontéks husus nu alamiah jeung ngamangpaatkeun métode alamiah. Métodé déskriptif nurutkeun Arikunto (2013, kc. 3) mangrupa métode pikeun nalungtik kaayaan, kondisi, atawa hal-hal séjén nu geus disebutkeun, hasilna ditulis dina wangun laporan panalungtikan.

Patalina ieu métode jeung objék anu jadi bahan panalungtikan, nyaéta yén ieu métode digunakeun pikeun ngadéskripsikeun ngeunaan polah ucap dina naskah drama *Mojang Dua Rébuan* anu satuluyna diulik wanda, sipat, jeung wujud polah ucap dina tiap ungkara naskah drama ngagunakeun ulikan pragmatik.

Dumasar kana pamarekan kualitatif kalawan métodeu déskriptif désain panalungtikan nu digunakeun nyoko kana galur saperti ieu di handap.



Eri Indriani, 2019

WUJUDIAH POLAH UCAP DINA NASKAH DRAMA “MOJANG DUA RÉBUAN” KARYA DADAN SUTISNA
(ULIKAN PRAGMATIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Bagan 3.1 Désain Panalungtikan

2.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta naskah drama *Mojang Dua Rébuan* karya Dadan Sutisna. Data ieu panalungtikan téh nyaéta polah ucap nu kapaluruh dina naskah drama *Mojang Dua Rébuan* (Sutisna, 2016). Naskah drama nu kandelna 26 kaca téh dijerona ngwengku tujuh babak, 12 palaku, jeung 467 paguneman. Ieu naskah téh nyaritakeun kahirupan masarakat di hiji désa. Pa Kadés ngarasa jéngkél ku paripolah masarakatna, mimiti tina masalah ibu-ibu nu ngarasa kasindir ku status dina Pésbuk, antukna ngalapor ka kepala désa sangkan nu nyieun status téh ditungtut lantaran geus ngarempak undang-undang I-Té-É. Tuluy masalah duit dua rébu anu diparebutkeun ku kaom bapa-bapa, lantaran éta duit asalna ti hiji mojang nu keur indekos di kosan Pa Haji téh seungitna béda. Ieu hal ngabalukarkeun ibu-ibu nu salakina kabungbuleungan ku duit dua rébu nungtut ka kepala désa sangkan éta *Mojang* diusir. Can bérés masalah ibu-ibu, aya deui masalah Jang Cakra anu kabungbuleungan ku tulisan dina duit dua rébu. Jang Cakra ngarasa éta duit téh mangrupa ondangan ti mojang umur 19 taun, jeung kudu disalusur lantaran ngarasa pijodoeun. Ieu naskah kungsi dipagelarkeun dina pintonan Féstival Drama Basa Sunda ka17 taun 2016 di Gedong Rumentang Siang.

2.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik panalungtikan ulikan pustaka (studi pustaka). Nurutkeun Moleong (2015, 159) studi pustaka disebut ogé sumber tinulis nyaéta bahan tambahan anu asalna tina sumber tinulis saperti buku jeung majalah ilmiha, sumber tina arsip, dokumén pribadi, jeung dokumén resmi.

Téhnik ulikan pustaka dilaksanakeun ku cara nalaah buku sumber anu aya patalina jeung konsép téoritis sarta bahasan pasualan panalungtikan Arikunto (2013, kc. 85).

Dumasar pedaran di luhur, kawangun léngkah-léngkah pikeun ngumpulkeun data panalungtikan saperti ieu di handap.

- a. Nangtukeun sumber data, nyaéta naskah drama “*Mojang Dua Rébuan*” karya Dadan Sutisna.
- b. Maca naskah drama “*Mojang Dua Rébuan*” karya Dadan Sutisna.

- c. Nyirian kalimah dumasar kana wanda, pungsi, jeung sipat polah ucap dina naskah drama “Mojang Dua Rébuan”.
- d. Nyalin wanda, pungi, jeung sipat polah ucap kana kartu data.

2.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 192) instrumén panalungtikan mangrupa alat anu dipaké dina waktu panalungtikan anu ngagunakeun hiji métode.

Instrumén dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. cara nangtukeunana nyaéta unggal kalimah anu kaasup wanda, pungsi, jeung sipat polah ucap anu kapanggih dina naskah drama “Mojang Dua Rébuan”. Data polah ucap anu aya dina naskah drama “Mojang Dua Rébuan” disalin kana kartu data tuluy dibéré idéntitas.

Tabel 3.1
Conto Kartu Data

Omongan: “Apan lima gé ganjil.” (MDR/A2/1/05)
--

Keterangan:

- MDR : Mojang Drama Dua Rébuan
- A2 : Awéwé 2
- 1 : Babak naskah drama
- 05 : Kaca naskah drama

Dumasar kana kartu data, tuluy disusun format analisis data saperti ieu di handap.

Tabél 3.2
Data Polah Ucap

<i>Nomer Data</i>	<i>Data Omongan</i>
(001)	“Abdi keur daria, Pa. Abdi yakin, nya ieu pijodoeun téh...” (MDR/JC/3/14)
(002)	“Abdi ngarasa geus deukeut jeung pijodoeun, sarta manéhna asa némbongan dina kongkolak panon.” (MDR/JC/3/15)

Keterangan data polah ucap:

- (001) : Nomer Dara
- (002) : Nomer Data
- JC : Jang Cakra
- 3 : Babak Naskah Drama
- 15 : Kaca Naskah Drama

Tabél 3.3
Papasingan Wanda Polah Ucap

Nomer Data	Data Omongan	Wanda Polah Ucap		
		1A	1B	1C
(003)	“Aéh, punten, Pa Kurdi, simkuring sanés alim mayunan. Seueur kénéh sanghareupaneun lian ti urusan jodo.” (MDR/PK/1/02)		✓	
(007)	“Anging Gusti nu bisa nangtukeun jodo.” (MDR/PK/1/01)	✓		

Keterangan Wanda Polah Ucap:

- 1A : Lokusi
1B : Ilokusi
1C : Perlokusi

Tabél 3.4
Papasingan Pungsi Polah Ucap

Nomer Data	Data Omongan	Pungsi Polah Ucap			
		2A	2B	2C	2D
(002)	“Abdi ngarasa geus deukeut jeung pijodoeun, sarta manéhna asa némbongan dina kongkolak panon.” (MDR/JC/3/15)	✓			
(006)	“Anak kuring mah ngan hiji, Pa Kadés. Si Cakra, nu lahirna malem Jumaah Kaliwon.” (MDR/K/1/01)				✓

Keterangan Pungsi Polah Ucap:

- 2A : Pungsi Komisif
2B : Pungsi Impositif
2C : Pungsi Éksprésif
2D : Pungsi Asértif

Tabél 3.5
Papasingan Sipat Polah Ucap

Nomer Data	Data Omongan	Sipat Polah Ucap			
		3A	3B	3C	3D
(009)	“Apan geus kawajiban papada manusa, silih geuingkeun jeung sasama téh.” (MDR/JT/2/08)	✓			
(086)	“Kuring jeung Jurutulis réa kénéh uruseun.” (MDR/PK/4/18)		✓		

Keterangan Sipat Polah Ucap

- 3A : Langsung Literal
3B : Teu Langsung Literal
3C : Langsung Iliteral
3D : Teu Langsung Iliteral

2.5 Téhnik Ngolah Data

Nurutkeun Nazir (2014, 315) anu dimaksud téhnik ngolah data atawa analisis data nyaéta ngelompokkeun, nyieun hiji runtuyan, ngamanipulasi, sarta nyinggetkeun data sangkan babari dibacana. Téhnik ngolah data anu dipaké nyaéta téhnik analisis unsur langsung. Hartina analisis dilakukeun kana unsur-unsur basana sorangan.

Léngkah-léngkah dina nganalisis data, nyaéta:

- a. mariksa polah ucap anu kapaluruh dina sumber data;
- b. nyieun papasingan dumasar kana wanda, pungsi, jeung sipat polah ucap;
- c. ngaidéntifikasi wanda, pungsi, jeung sipat polah ucap;
- d. ngadéskripsikeun wanda, pungsi, jeung sipat polah ucap; jeung
- e. nyieun kacindekan.